

OPÒTINITE POU LOJMAN KI ABÒDAB

Majistra Joseph A. Curtatone, Shree Ganesh Realty Trust ak Darin Associates vle fè nou konnen ak kè kontan gen de (2) apatman ki genyen revni anyèl limite ki sitye nan:

1119 Broadway ak 38 Day Street nan Somerville

Pake ki genyen aplikasyon ak enfòmasyon yo pral sèlman disponib apati de 9 Me a 6:30 PM jiska 8 Jiyè 2019 a 2:00 PM

Kòmanse Lendi 13 Me, tout aplikasyon ak pake enfòmasyon yo pral disponib nan somervillema.gov nan Meri a, nan Bibliyotèk Piblik la ak nan Biwo Divizyon Lojman an.

Tanpri, li pake enfòmasyon yo pou jwen plis detay sou apatman yo, pwosesis aplikasyon an ak kondisyon pou kalifye yo

Adrès	Nimewo apatman an/Ki kalite li ye		Lwaye*	Kantite twalèt yo	gwochè apwoksimatif (Sq. Ft.)
1119-1133 Broadway	No. 8	1CHANM	\$874	1	588
38 Day Street	Chanm C	1CHANM	\$874	1	390

*Pa gen peman pou sèvis tankou gas, dlo, elektrisite

Kantite moun kap viv nan kay la*	Anyèl revni brit** Ajiste pa kantite lajan nan fanmi an
1	\$24,264-\$37,750
2	\$24,264-\$43,150
3	\$24,264-\$48,550

*Tou de mèt kay la pa kapab elèv a plen tan, lòt kondisyon elijiblite ka aplike tou.

** Yon revni minimòm pa nesèsè si ou gen yon sibvansyon seksyon 8 oswa lòt sibvansyon lwaye

Tout aplikan yo dwe ale nan yon sesyon enfòmasyon epi li pake enfòmasyon an anvan yo soumèt yon aplikasyon

Dat enpòtan		
	Dat & Lè	Lokasyon
Sesyon enfòmasyon	Jedi 9 Me 2019 a 6:30 PM	Nan Oditoryòm East Somerville Community School la sitye nan 50 Cross Street Somerville, MA 02145 (Cross Street antre)
	Mèkredi 12 Jen 2019 a 11:00 AM	Nan ofis Visiting Nurse Association of Eastern Massachusetts (VNA) 259 Lowell Street, Somerville, MA 02144
<i>Nou pap aksepte aplikasyon ki anreta oswa enkonplè. Nou pap resevwa aplikasyon ke yo voye nan lòt imèl oswa nimewo faks ki diferan.</i>		
Dat limit aplikasyon	Lendi 8 Jiyè 2019 a 2PM	Ranpli aplikasyon an epi remèt li anvan 2PM nan Housing Division nan 50 Evergreen Ave., Somerville, MA 02145, Fax li bay: 617-591-3235 oswa voye li pa imèl: inclusionary@somervillema.gov
Lotri	Jedi 25 jiyè 2019 nan 11AM	City Hall Aldermanic Chambers sitye nan 93 Highland Ave., Somerville oswa ou ka gade li sou Youtube.com/SomervilleCityTV

Moun andikape ki bezwen èd ak sèvis pou yon kominikasyon ki efikas, dokiman ekri nan lòt fòm, oswa modifikasyon rezonab pou politik ak pwosedi, yon fason pou jwenn aksè nan pwogram ak aktivite kap fèt nan vil la oswa pou ka patisipe nan reyinyon yo tou. Ou dwe kontakte Manadjè Divèsite a, Ekite ak Enklisyon an, Nancy Salamoun, nan 617-625-6600 x2323 oswa nsalamoun@somervillema.gov

